Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

# ИУДЗИНАД

Форум осетинских фамилий

№ 7 март 2018 года
№ 7 2018 азы тæргæйтты мæй

Газета Северо–Осетинского республиканского общественного движения "Иудзинад"
Цæгат Ирыстоны республикон æхсæнадон змæлд "Иудзинад"–ы газет

## Номыры кæсут:

4 АРФÆЙАГ ХЪУЫДДАГ
Æркаст-конкурс "Ирон дæн æз"

6 АДÆМЫ СÆРХЪУЫЗОЙТÆ
Гуырцъыты Пипойы номыл...

8 НЫРЫККОН ТАУРÆГЪ
Æгъдау цæуы фæллойæ

"Иудзинад"-ы сидт

# Кувæндæтты æгъдаухалджытæн — æмхуызонæй ныххъуырд!

Фыдæлтæй абоны онг ирон адæм цæрынц æгъдаумæ гæсгæ. Ирæттæ нæхи хонæм сæйрагдæр не 'взаг æмæ не 'гъдауы фæрцы. Рагзаман æхсæнадон царды иу хъуыддаг дæр æнæгъдауæй кæнæн нæ уыд. Кæдиу царды домæнтæ ногдзинад бахастой æхсæнадмæ, уæддæр-иу Ныхасы уæнгтæ æгъдаумæ гæсгæ бауынаффæ кодтой.

Æгъдаухалæг адæймаг уыд æгад, йæ къух дæр ын ничи иста, ныхасы бар дæр ын нæ уыд. Бирæтыл-иу се 'нæгъдаудзинады аххосæй хъоды дæр бакодтой, куыдзæппарæнæй дæр сæ æппæрстой. Ирон æхсæнады царды  æгъдау алцæмæн дæр уыдис бæрцбарæн. Адæймагæн йæ рæстдзинадæн дæр æмæ йæ рæдыдæн дæр аргъ кодтой æгъдауы домæнтæм гæсгæ.

Нæ фыдæлтæ зæдтæ æмæ дауджытæм куывтой, æмæ сæ кувæн æгъдæуттæ уыдысты тынг карз. Ирыстоны алы хъæуы дæр уыдис рухс кувæндæттæ. Уыдонæн се 'гъдау хæссын уыд табуйаг. Кувæндæтты лæггадгæнджыты æвзæрстой халæппарæнæй, уыимæ, æрмæстдæр, адæмы æууæнчы аккаг чи уыд, ахæм лæгты. Уыдонæй никæй хъуыдыйы æрцыдаид нæфæтджиагмæ йæ къух бадарын. Дзуарæй басомы кæнынæй карздæр ницы уыд адæймагæн. Уыцы æгъдæуттæ нæ фыдæлтæ махмæ æрхæццæ кодтой, æмæ сæ цымæ мах та куыд æххæст кæнæм?

Стæм ран ма æвзарынц фысым æмæ лæггадгæнджыты халæппарæнæй. Бирæ кувæндæттæ рохуаты баззадысты, сæ фылдæр, хæхбæсты хъæутæ æдзæрæг кæй фесты, уый аххосæй. Фæлæ алы мыггаг дæр зоны, кæцы хъæуæй рацыд, уый.

Уæд мах нæ фыдæлты цæуылнæ фæзмæм, цæмæн уадзæм нæ рухс кувæндæттæ рохуаты? Цæмæн сыл ауыгътам нæ къух?

Абон быдыры ис стыр кувæндæттæ, æппæт Ирыстоны кæй зонынц, ахæмтæ. Уыдон сты Уастырджийы кувæндæттæ, се 'ппæт дæр сты фæндаджыбылтыл. Адæм уыдонæй фылдæр никуы æмбырд кæнынц, стæй, кæй зæгъын æй хъæуы, æхца дæр. Фæлæ се 'гъдау та куыд конд цæуы?  Чи дзы у лæггадгæнæг, стæй уыцы лæггадгæнджыты чи равзары æмæ цавæр æгъдаумæ гæсгæ? Чи сын радта уыцы бар — æнустæм дзуары лæгтæ уæвын? Чи сын радта бар, кувæндæтты цы мысайнаг æрæмбырд вæййы, уый, куыд сæ фæнды, афтæ хардз кæнын? Цæмæн хонынц кувæндон сæхи, кæд æмæ уый кæддæриддæр уыд æхсæнадон бынат? Елхоты хъæуы та  фæзынд иу адæймаджы кувæндон. Уымæн йæ ном куыд схонгæ у? Дзуары хицау? Дзуарылæг? Æви бынаты хицау? Куыд сæвзæрд Ирыстоны ахæм уавæр, æмæ иугай лæгтæ сæ быны бакæной кувæндæттæ æмæ мысайнæгтæ? Куыд ис уымæн уæвæн, æмæ юридикон æгъдауæй адæймаг йæхиуыл сфидар кæна кувæндон? Чи йын радта ахæм бар? Ахæм уавæр не 'ппæтæн дæр худинаг нæу?

Ацы æнæгъдау æмæ æнæфсарм митыл сагъæс кæнгæйæ, æхсæнадон змæлд "Иудзинад" æппæт Ирыстоны дзыллæтæм дæр сиды:

мауал уадзæм иугай адæймæгты хынджылæг кæнын нæ рухс кувæндæттæй. Дзуарылæгтæ æмæ лæггадгæнджытæ æвзарынæн раздæхæм нæ фыдæлтыккон æгъдауы фæткмæ — халæппарæны æвзæрстмæ. Æвзаргæ та сæ хъуамæ кæнæм иу азмæ. Кæй хал схауа, уый-иу æппæт адæмы раз кувæндоны бын ард бахæрæд, иу сом дæр дзы йæ дзыппы кæй нæ нывæрдзæн, стæй æбæрæгæй дæр кæй не схардз кæндзæн. Куывды фæстæ дзы цы æхцайы фæрæз баззайа, уый та-иу æвдисæнтимæ нымадæй иннæ азмæ банчы æвæрд куыд æрцæуа.

Бахатыр нын кæнæнт нæ сылгоймæгтæ, фæлæ сын раджы заман дæр бар никуы уыд кувæндоны бынмæ бацæуынæн. Уыдис ахæм уавæртæ, æмæ-иу сылгоймаг быныл баззад, фæлæ йе 'гъдау æххæст кодта. Чъиритæ-иу скодта зæды номыл бæрæгбоны кувæггаг бæгæныимæ, æмæ-иу сæ кæстæр лæппуйæн арвыста бæрæгбоны кувæг лæгмæ, йæхæдæг-иу, кæдæм æмбæлд, уырдæм бацæугæйæ, æнхъæлмæ каст. Ахæм уыд фыдæлтыккон æгъдау. Абон та нæ рухс кувæндæтты сылгоймæгтæ гаджидæуттæ уадзынц, нæлгоймæгты фарсмæ бадгæйæ. Суанг ма Лæгты дзуары йæ номæй дæр хонынц. Кувæндонмæ та цæуынц, ирон фæткы чи нæй, ахæм æвидауц дарæсы, æнæсæрбæттæнæй, хæрзæлвæст хæлæфты æмæ афтæ дарддæр.

Ахæм уавæр, махмæ гæсгæ, сылгоймаджы кæны æгад. Кæд нæ фыдæлтæм не 'мбæлд сылгоймагæн цæуын дзуæрттæ æмæ кувæндæтты бынмæ, уæд абон дæр ма цæуæнт.

Æгъгъæд фæуæд нæ 'гъдаухалджытæн! Нæ рæсугъд æгъдæуттæ нын мауал халæнт. Нæ кæстæр фæлтæртæ нæ нæ бамбардзысты æмæ нын уыцы уавæр нæ ныббардзысты.

Кæд нæ фæнды базонын куывды растдæр уагæвæрд, уæд нæ бон у Ирыстоны алы комы дæр хæхбæстæ фенын: Санибайы, Дæргъæвсы, Хъæрмæдоны, Джимарайы, Куырттаты, Дыгуры, Уæлладжыры... Ацы кæмтты алы хъæуы дæр ис фыдæлтыккон куывд кæныны æгъдау. Дзуарылæгты, кувæг лæгты, лæггадгæнджытæ æмæ фысымты æвзарынц æхсæнады мидæг халæппарæнæй. Куывдмæ æмбырд кæнынц къусбары номæй æхца, уымæн æмæ абон алы хæдзар фос нал дары, хор дæр нал  тауы, æхцайæ та алы бахъуагдæр балхæнæн ис.

Ирыстоны стырдæр кувæндæттыл нымад сты Мыкалгабырты, Ныхасы Уастырджийы, Рекомы, Таранджелосы, Хетæджы ирвæзынгæнæг Уастырджийы, Дзлаты Уастырджи æмæ Дыгуры Уастырджийы дзуæрттæ. Ахæм кувæндæтты æгъдау раттын у зындæр, уымæн æмæ дзы адæм тынг бирæ бамбырд вæййы, мысайнаг æхца дæр — афтæ.

Махмæ гæсгæ, æгъдау растдæр дæттынц Дыгургомы Уастырджийы кувæндоны. Цæмæн? Уымæн æмæ фысым æвзарынц æрмæст иунæг азмæ. Фысым вæййы радгай. Иу аз иу хъæуы æхсæнад, иннæ аз та иннæ — афтæ зилдухæй кæрæдзи ивынц. Цы æхцайы фæрæз дзы бамбырд вæййы, уымæй барæвдз кæнынц фæндæгтæ, куывддоны алфамблай, фæаив ын кæнынц йæ агъуыстытæ æмæ саразынц æмхуызонæй нæртон куывд. Мысайнæгтæ æхцадонтæй сисынц æвдисæнты цур, æмæ дзы уый фæстæ уæлдай ныхас нал вæййы, цæуыл хардзгонд æрцыдысты, ууыл.

Мах фæнды, цæмæй Ирыстоны алы кувæндоны дæр уа ахæм рæсугъд æнæгуырысхойаг кувыны æгъдау.

**Ацы æнæгъдау æмæ æнæфсарм митыл сагъæс кæнгæйæ, æхсæнадон змæлд "Иудзинад" æппæт Ирыстоны дзыллæтæм дæр сиды:**

**мауал уадзæм иугай адæймæгты хынджылæг кæнын нæ рухс кувæндæттæй. Дзуарылæгтæ æмæ лæггадгæнджытæ æвзарынæн раздæхæм нæ фыдæлтыккон æгъдауы фæткмæ — халæппарæны æвзæрстмæ. Æвзаргæ та сæ хъуамæ кæнæм иу азмæ. Кæй хал схауа, уый-иу æппæт адæмы раз кувæндоны бын ард бахæрæд, иу сом дæр дзы йæ дзыппы кæй нæ нывæрдзæн, стæй æбæрæгæй дæр кæй не схардз кæндзæн...**

**Æгъгъæд фæуæд нæ 'гъдаухалджытæн! Нæ рæсугъд æгъдæуттæ нын мауал халæнт. Нæ кæстæр фæлтæртæ нæ нæ бамбардзысты æмæ нын уыцы уавæр нæ ныббардзысты.**

Арфæйаг хъуыддаг

# Ерысы бацыдысты Иры сæрæндæр лæпптæ

**Цæгат Ирыстоны республикон æхсæнадон змæлд "Иудзинад"-ы проект — конкурс-æркаст "Ирон дæн æз" сси традицион, республикæйы царды нымад æрцыд ахсджиаг фæзындыл. Æркастыл æхсызгонæй сæмбæлынц куыд ахуыргæнджытæ, афтæ скъоладзаутæ дæр. Кæд 2017 азы уалдзæджы æркасты чызджытæ архайдтой, уæд фæззæджы ерысы та бацыдысты Иры сæрæндæр лæпптæ. Æркасты архайджытæ уыдысты хистæр къласты ахуырдзаутæ.**

**Конкурс ацы хатт райдыдта Æрæфы районæй.**

Дарддæр лæппуты бафæлвæрдтой, нæ адæмы удварны æнусон хæзнатæ — ирон бæрæгбæттæ куыд зонынц, уымæй. Хæлттæ сæппаргайæ, фæсивæдæй алчидæр радзырдта, цы бæрæгбон æм æрхауд, уый тыххæй. Ирон бæрæгбæттæ сты царды скъола, ис сæ арф мидис æвæрд, зыны сæ нæ адæмы удысконд æмæ фарн. Цæмæй сæ фидæны фæлтæртæм адæттæм, уый тыххæй сæм фылдæр здахын хъæуы кæстæрты. Уый у ацы æркаст расидæг æхсæнады уæнгты хæсты сæйрагдæртæй иу, æмæ йыл æнæрынцойæ кусынц.

Æркасты ерысдзаутæ сомбон суыдзысты усгуртæ. Усгуры размæ та бирæ зондыл хæст. Нæлгоймаджы кусæнгæрзтæ уыдысты дзæвгар, уымæн æмæ йæ кусын хъуыдис цæхæрадоны, быдырты, уыд фосдарæг, цуанон. Уыдонæй бирæтæй абон дæр ма архайынц, не сты рох. Абон сæ фæсивæд куыд зонынц, уый сбæрæг ерысы цыппæрæм хайы. Ам дæр та хæлттæ сæппæрстой, æмæ чи цы кусæнгарз систа, уый йæ къухы рахаста æмæ радзырдта, цæмæн хъуыд, стæй дзы куыд архайдтой, æмæ архайынц, уый тыххæй. Дарддæр лæппутæй алчидæр радзырдта йæ мыггаджы истори æмæ равдыста йæ дæсныдзинад ерысы сфæлдыстадон хайы.

Сæ арæхстдзинадæн сын та, фæлæ ууыл æппындæр тыхст нæ уыд, арæхстджынæй цагъта.

Æркаст-конкурсы къамисы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, фыццаг бынат бацахста **Гобеты Давид**, дыккаг — **Хæмыцаты Сослан**, æртыккаг бынат — **Лагкуты Дзамболат**. Уæлахиздзауты сæ ахуыргæнджытимæ схорзæхджын кодтой Кады гæххæттытæй, æхцайы премитæй æмæ зæрдылдарæн лæвæрттæй. Æркасты иннæ архайджытæн та лæвæрд æрцыд Кады гæххæттытæ æмæ зæрдылдарынæн — уацамонгæтæ.

*— Ацы мадзал районы цæрджытæн у стыр бæрæгбонау. Тынг ыл бацин кодтам, уымæн æмæ хынцы*



Бæрæгбоны архайд цыд Цыколайы 1-æм скъолайы бæстыхайы. Сæ арæхстдзинад æвдыстой: **Лагкуты Дзамболат** (Цыколайы 3-æм скъола, йæ ахуыргæнæг — **Химилонты Фатимæ**), **Леуанты Амыран** (Хæзныдоны скъола, йæ ахуыргæнæг — **Батоты Виктория**), **Султанты Дзамболат** (Лескены скъола, йæ ахуыргæнæг — **Цохъты Оксанæ**), **Малиты Эрик** (Толдзгуыны скъола, йæ ахуыргæнæг — **Рамонты Аслан**), **Хæмыцаты Сослан** (Сечеры скъола, йæ ахуыргæнæг — **Перисаты Иринæ**), **Гобеты Давид** (Сырх Дыгуры астæуккаг скъола, йæ ахуыргæнæг — **Габеты Зæлинæ**), Созаонты Уырызмæг (Æхсæрысæры скъола, йæ ахуыргæнæг — **Катауты Татьянæ**).

Конкурсы амонæг та уыд Цыколайы 3-æм сколайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг **Увызыхъоты Зæлинæ**.

> — Ацы мадзал районы цæрджытæн у стыр бæрæгбонау. Тынг ыл бацин кодтам, уымæн æмæ хынцы абоны рæстæджы зæгъинæгтæ, нæ сагъæстæ, нæ риссагдæр фарстатæ, кæцытæ баст сты нæ ирондзинадимæ, не 'гъдæуттимæ, не 'взагимæ, нæ культурæимæ. "Иудзинад"-ы уæнгтæ сæхимæ райстой ахсджиаг хъуыддаг æмæ йыл кусынц хуыздæр уагыл. Фæсивæды разæнгард кæнынц æркасты архайынмæ æмæ сын афтæмæй сæ зæрдæты тауынц фыдæлты æгъдæуттæм уарзондзинад. Уый у стыр арфæйаг хъуыддаг! — загъта Дзансолты Витали.

Архайджыты размæ цы хæслæвæрдтæ уыд, уыдон фæрсæрдыгæй кæсджытæм куыд æнцон кастысты, бынтон афтæ нæ разындысты. Фыццаджыдæр, бакæсын хъуыд, ерысгæнджытæ рагацау цы нывæцæн бацæттæ кодтой, уый. Нывæцæн "Ирон дæн æз" у традицион. Фæцæттæ йæ кæнынц конкурсы архайæг чызджытæ æмæ лæпптæ дæр — алчидæр сæ радзуры, йæхи ирон цæмæй æнкъары, куыд æххæст кæны йæ фыдæлты фæдзæхстытæ, уый.

хæстæ æвæрд вæййы, æмæ сæ хъуамæ алы лæппу дæр рагацау зона. Уымæ гæсгæ, æртыккаг фæлварæны лæпптæ хъуамæ равдыстаиккой, чындзæхсæвы æгъдæуттæ куыд зонынц, уый...

Магусайæн кад никæд уыд. Нæ фыдæлтæ-иу алы хъуыддаджы дæр арт фестадысты, нæ зыдтой зивæг, уыдысты цæрдæг æмæ уыцы-иу рæстæг уæззау аргъ кодтой жюрийы уæнгтæ: "Иудзинад"-ы æвзæрст лæг **Байсонгъуырты Мухтар**, æхсæнады уæнг, æркасты разамонæг **Токты Валодя**, Æрæфы районы администрацийы сæргълæууæджы хæдивæг **Дзансолты Витали**, районы ахуырады управленийы сæргълæууæг **Фидараты Алыксандр** æмæ районы "Ныхас"-ы сæргълæууæг **Хосдзауты Тазрет**.

Зæрдæмæдзæугæ рауад, бæрæгбоны архайджыты разæнгард кæнынæн цы концерт равдыстой, уый дæр. Хорз акафыдысты къорд "Чиколинка"-йы архайджытæ. **Козаты Амандæ** акодта зарæг "Иры стъалы", **Зæнджиаты Аслан** та — "Нæ Иры фæсивæд". Сæ музыкалон саламæй мадзалы архайджыты бабуц кодта Толдзгуыны скъолайы уадынгæрзтыл цæгъдджыты къорд. Адæм зæрдиагæй бацин кодтой, гыццыл лæппу **Тотоонты Ибрагим** гуымсæгыл цы цæрдæг цæгъдтытæ кодта, ууыл. Йæ гуымсæг фæразгæ дæр нæ код-

*абоны рæстæджы зæгъинæгтæ, нæ сагъæстæ, нæ риссагдæр фарстатæ, кæцытæ баст сты нæ ирондзинадимæ, не 'гъдæуттимæ, не 'взагимæ, нæ культурæимæ. "Иудзинад"-ы уæнгтæ сæхимæ райстой ахсджиаг хъуыддаг æмæ йыл кусынц хуыздæр уагыл. Фæсивæды разæнгард кæнынц æркасты архайынмæ æмæ сын афтæмæй сæ зæрдæты тауынц фыдæлты æгъдæуттæм уарзондзинад. Уый у стыр арфæйаг хъуыддаг! Арæх фæзæгъынц, адæмы сомбоныл абон хъуыды кæнын хъæуы, зæгъгæ. Фæлæ æрмæст хъуыдыйæ хъуыддаг размæ нæ цæуы, архайын дæр ма дзы хъæуы. Архайын кæмæ цæуы, уый та цард йæхæдæг æвдисы,* — загъта Дзансолты Витали.

Цæмæй бæрæгбон хъæугæ уагыл æххæстгонд æрцæуа, ууыл та зæрдиагæй бацархайдта районы ахуырады управленийы методист **Бесолты Алан**.

**ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ**

# Ма у не 'гъдæуттæн знаг, уарз дæ мадæлон æвзаг!

**Ирон лæг ирон ныхас куы фехъусы, йæ ирондзинадæн æвдисæн куы вæййы, уæд ыл тымыгъы дæр хур ракæсы. Куыд тынг фæнды нæ республикæйы æхсæнадон змæлд "Иудзинад"-ы уæнгты, цæмæй Ирыстоны сæрмæ æппынæдзух тæмæнтæ кала хур æмæ йæ тынтæй адæмы зæрдæты цин æмæ амонд нывæнда.**

**Хетæгкаты Оксанæ**, районы ахуырады управленийы методисттæ **Дзугкойты Ритæ** æмæ **Къадзаты Мæдинæ**, Алагиры районы "Ныхас"-ы сылгоймæгты комитеты сæрдар **Æмбалты Тамарæ**. Раст зæгъгæйæ, сæ куыст æнцон нæ уыд, уымæн æмæ æркасты архайджытæ иуулдæр уыдысты хорз цæттæ. Иуæй иннæ сæрæндæрæй æвдыстой сæ арæхстдзинад æмæ сæ уындæй зæххыл хур атылд, 

Бæрæгбон аивадон æгъдауæй рæсугъд амыдтой "Иудзинад"-ы уæнг, æркаст-конкурс "Ирон дæн æз"-ы разамонæг **Токты Валодя** æмæ Алагиры 10-æм рæвдауæндоны ирон æвзаджы методист **Дзгойты Зæлинæ**. Аив кæфтытæй мадзал рафидауын кодта Алагиры 3-æм скъолайы кафджыты къорд (йæ аивадон разамонæг — **Гусалты Альбинæ**). Зæрдæмæдзæугæ зарджытæ акодта курдиатджын

Мадзалы кæронбæттæны ахуырдзаутæй уæлдай хорзæхджынгонд æрцыдысты сæ ахуыргæнджытæ дæр, æркаст-конкурсмæ лæпputы кæй бацæттæ кодтой, иудадзыгдæр сын бæстон зонындзинæдтæ кæй дæттынц, рæзгæ фæлтæримæ хъомыладон куыст кæй кæнынц æмæ мадæлон æвзагæн æвæллайгæйæ кæй лæггад кæнынц, уый тыххæй.

Йæ хистæртæ цы фæндæгтыл цыдысты, уый чи зо-




"Иудзинад"-ы зиууæттæ сæ размæ цы хæстæ сæвæрдтой, уыдон иууылдæр баст сты Ирыстоны бæллиццаг сомбонимæ, кæстæрты царды раст фæндагмæ здахын æмæ сын ирондзинад уарзын кæнынимæ.

Æркаст-конкурс "Ирон дæн æз" у, цы хорз хъуыддæгтæ аразынц, уымæн æрмæст йæ иу хай. Æркасты радон къæпхæн уыд Алагиры районы. Алы архайæджы цæттæдзинады дæр ирдæй бæрæг дардта, цы бинонтæй рацыд, цы æхсæнады хъомыл кæны, цы скъолайы кæртæй рахызт, уыдоны фарн.

Ацы хатт æркаст-конкурс уыд Алагиры 3-æм скъолайы бæстыхайы. Æхсæз архайæджы дæр уыдысты алагирæгтæ: **Гайты Вадим** (1-æм скъола, йæ ахуыргæнæг — **Суанты Фатимæ**), **Бестауты Давид** (2-æм скъола, йæ ахуыргæнæг — **Хъæцмæзты Фатимæ**), **Томайты Георги** (3-æм скъола, йæ ахуыргæнæг — **Датиты Маринæ**), **Хадаты Сослан** (4-æм скъола, йæ ахуыргæнæг — **Мæргъиты Ингæ**), **Хъантеты Азæмæт** (5-æм скъола, йæ ахуыргæнæг — **Челдыты Тамарæ**), **Гæлæбаты Мурат** (изæрыгон скъола, йæ ахуыргæнæг — **Суанты Фатимæ**).

Лæппутæ хæлттæ сисгæйæ, равдыстой, куыд зонынц ирон бæрæгбæттæ, чындзхасты æгъдæуттæ, рагон кусæнгæрзтæ. Хæдзармæ куыстæн сын уыд нывæцæн "Ирон дæн æз" ныффыссын. Нывæцæнтæ иууылдæр разындысты арфхъуыдыджын æмæ мидисджын. Сæхæдæг сæ бакастысты сценæйæ. Кæронбæттæны архайджытæй алчидæр равдыста, аивадмæ цы цæст дары æмæ куыд арæхсы кафынмæ, зарынмæ, æмдзæвгæтæ аив кæсынмæ, уый. Афтæмæй æхсæзæм фæлварæнæй рауад диссаджы концерт.

Сæ арæхстдзинадæн сын аргъ кодтой æхсæнадон змæлд "Иудзинад"-ы æвзæрст лæг **Байсонгъуырты Мухтар**, "Иудзинад"-ы уæнг **Зассеты Сослан**, "Рæстдзинад"-ы уацхæссæг бæстæ ныррухс æмæ зæрдæйы бауагъта стыр ныфс, Иры бæллиццаг фидæны ныфс, сæрыстырдзинад. Сæ аив ирон ныхас, сæ лæгдзинадæй риу байдзаг арф æнкъарæнтæй. Фæлæ хуыздæрты 'хсæн дæр разыны ноджы хуыздæртæ. Афтæмæй, æркасты фыццаг бынат бацахста **Хъантеты Азæмæт**, дыккаг бынатмæ рацыд **Гæлæбаты Мурат**, æртыккаг бынат та адих кодтой **Томайты Георги** æмæ **Хадаты Сослан**.

Арфæтæ райсгæйæ, конкурсы районы къæпхæны уæлахиздзау Хъантеты Азæмæт загъта: "Стыр бузныг мæ зæгъын фæнды æркаст расидджытæн, мæ хистæртæн, чи мæ бацæттæ кодта, уыцы ахуыргæнæгæн. Конкурс, æнæмæнг, æххуыс у адæмы, кæстæрты иудзинадæн. Йæ фæрцы мах хуыздæр базыдтам нæ рагфыдæлты истори, бæстондæрæй бакуыстам нæхиуыл, фæфылдæр кодтам нæ ирондзинады зонындзинæдтæ".

фæндырдзæгъдæг-зарæггæнæг **Касаты Светланæ**. Дидинджытæ, арф æнкъарæнтæ, арфæтæ, лæвæрттæ, æнæрынцайгæ къухæмдзæгъд — бæрæгбоны æнтыстыл дзурæг нысантæ!

Æркасты архайджытæн зæрдæбын арфæтæ ракодтой "Иудзинад"-ы уæнг **Мæрзойты Тамерлан**, æхсæнадон змæлды æвзæрст лæг Байсонгъуырты Мухтар, къамисы уæнгты номæй та — Æмбалты Тамарæ.

на, ахæм кæстæр хуыздæр арæхсдзæн царды уылæнты ногдæр æмæ растдæр фæндæгтæ ссарынмæ. Йæ национ хæзнатæн аргъ чи скæна, царды сæ дарддæр чи рауадза æмæ сæ чи хъахъхъæна, уый никуы фæрæдийдзæн. Уыцы фæндагмæ кæстæрты хонынц, змæлд "Иудзинад"-ы уæнгты фарсмæ чи æрбалæууыд, уыдон иууылдæр.

**УАНИТЫ Оксанæ**

РЕДАКТОРÆЙ:

**Афтæ, бæлвырд фæткыл ацыдысты æмæ зæрдæмæдзæугæ рауадысты, æркасты оргкомитет Æрыдоны, Горæтгæроны, Рахизфарсы æмæ Кировы районты, стæй Дзæуджыхъæуы цы æвзарæн ерыстæ сарæзта, уыдон дæр. Алкæцыйы дæр дзы бæрæггонд æрцыд арæхстджындæр æмæ дæсныдæр конкурсант. Лæппуты хуыздæртæн ма баззад сæ хъарутæ æркасты кæронбæттæны бавзарын.**

Арфæйаг хъуыддаг

# "Ирон дæн æз":

Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты Культурæйы галуаны æнтыстджынæй ацыд æхсæнадон змæлд "Иудзинад"-ы республикон æркаст-конкурс "Ирон дæн æз"-ы кæронбæттæн.

Ардæм сæ арæхстдзинад равдисынмæ æрбацыдысты, районты æмвæзады ерысты чи фæуæлахиз, уыцы æвзонг лæппутæ: Алагиры районæй — Хъантеты Азæмæт (Алагиры 5-æм скъола, йæ ахуыргæнæг — Челдыты Тамарæ), Æрыдоны районæй — Гæбуты Алан (Æрыдоны 1-æм скъола, йæ ахуыргæнæг — Лохты Ритæ), Æрæфы районæй — Гобеты Давид (Сырх Дыгуры астæуккаг скъола, йæ ахуыргæнæг — Габеты Зæлинæ), Горæтгæрон районæй — Косты Марат (Ногиры 2-æм скъола, йæ ахуыргæнæг — Хуыбецты Эльвирæ), Рахизфарсы районæй — Бзарты Тамерлан (Заманхъулы астæуккаг скъола, йæ ахуыргæнæг — Гуыбиаты Римæ), Кировы районæй — Хуыбылты Аслан (Елхоты 1-æм скъола, йæ ахуыргæнæг — Хъуылымбегты Зæлинæ) æмæ Дзæуджыхъæуæй — Биджелты Алихан (Дзæуджыхъæуы 42-æм скъола, йæ ахуыргæнæг — Хъуыбадты Тамарæ).



Мадзал байгом кодтой æмæ йæ амыдтой телерадиокомпани "Алани"-йы амонджытæ **Лалыты Хъазыбег** æмæ **Налдыхъуаты Зæлинæ**. Æркасты архайджытæ ерыс кодтой хуыздæр азарыныл, адæмон кæфтытæ дæсныдæр акæныныл, æмдзæвгæтæ аивдæр радзурыныл æмæ хуыздæр нывæцæн ныффыссыныл, зонын сæ хъуыд ирон æгъдæутты мидис æмæ историйы хабæрттæ дæр.

Адæмы зæрдæмæ фæцыд лæппуты дæсны архайд — алчидæр сæ равдыста хорз цæттæдзинад æмæ дæснындзинад. Афтæ, Дзæуджыхъæуы 42-æм скъолайы 10-æм къласы ахуырдзау Биджелты Алихан йæ нывæцæны мадæлон æвзаджы тыххæй ахæм зæрдæмæхъаргæ ныхæстæ загъта: "Ирон æвзаг куы нал уа, уæд мах дæр нал уыдзыстæм, уымæ гæсгæ, не 'ппæт тыхтæй дæр хъуамæ архайæм йæ ахуыр кæныныл".

Мидисджын уыд, Æрыдоны 1-æм скъолайы ахуырдзау Гæбуты Алан йæ мыггаджы тыххæй цы æрмæг бацæттæ кодта, уый дæр. Алан адæмы размæ рахаста йæ мыггаджы бæласы схемæ, æмæ бæлвырд радзырдта йæ фæрныг хистæрты царды хабæрттæ. Уыимæ, Алан бафиппайдта: "Къостайы загъдау, "дæ фыдæлтæ рухсаг, дæхæдæг мын бæзз". Уый хынцгæйæ, æз дæр архайдзынæн нæ мыггаджы къалиутæ фылдæр кæныныл".

## Хъантеты Азæмæты нывæцæн
# "Ирон дæн æз!"

**Хъысмæт!**
**Æз бузныг дæн дæуæй,**
**Кæй фæзындтæн æз дунемæ иронæй!**
**Челæхсаты Хъазыбег**

Тæхуды, æз Къостайау зарын куы зонин, уæд æппæт Дуне дæр банкъарид, ме уæнгты ирон туг кæй æхсиды, уымæй æз цас амондджын дæн, уый! Мæнæн Хуыцау ироны хъысмæт радта, æмæ ирон зæххыл иронау цæрын у мæнæн мæ хæс. Фыдæлтæй нын цы фарны æгъдæуттæ баззад, уыдоныл иузæрдион уæвын у мæнæн мæ хæс.

Ирон дæн æз! Цы ма уа уымæй бæллиццагдæр царды?! Ирон фæндыры зæлтæ схæццæ вæййынц бæрзонд хæхты урссæр цъуппытæм, ирон зарæг, ирон рæсугъд ныхас азæлынц Ирыстоны кæмтты. Цы ма уа уымæй æхцондæр адæймагæн?! Мæ райгуырæн зæххы иу дур дæр нæ баивин æндæр бæстæты налхъуыт-налмастыл.

Бæрзонд хæхты æхсæрдзæнты сыр-сырæй дæр æз хъусын сæрыстыр зæлланг: "Ирон дæн æз!"

Кувæг хистæрты хъæлæстæй мæм хъуысынц сæрыстыр æмæ намысджын дзырдтæ: "Ирон дæн æз!"

Æрджынарæджы мæргъты хъæлдзæг зарджытæй дæр мæм хъуысы: "Ирон дæн æз!"

Ирон адæймаджы аив дзырдмæ, йæ диссаджы къах-къухтыл кафтмæ, йæ рæсугъд зардмæ æнусон цъититæ дæр сæ сæртæ бæрзонддæр сисынц, хур та йæ мидбылты бахуыды. Уыдон дæр сæрыстыр сты ирон адæймагæй.

Ирон дæн æз! Æз æгæрон уарзтæй уарзын æмæ сæрыстыр дæн ирон адæмæй, нæ фыдæлтæй. Ирон адæмы рæсугъд æгъдæуттæ æмæ нæ мадæлон æвзаг махæн сты не стырдæр хæзнатæ, æмæ сæ бахъахъхъæнын махæн у нæ хæс. Ирон æгъдæуттæ æмæ мадæлон æвзаджы фидæн ис кæстæрты къухы.

Æрцыд рæстæг кæрæдзийы фарсмæ æрбалæууынæн, цæмæй нæ фидæны фæлтæртæ дзурой ирон æвзагыл, цæмæй цæрой сæ фыдæлты фæрныг бæстæйы сæрибарæй.

Нæ тых ис нæ иудзинады. Иудзинад нæм куы уа, уæд никæцы знаг æрбауæнддзæн махмæ. Нæ царды мæсыг, нæ иудзинады мæсыг самайын хъæуы, дурæй фидардæр чи у, ахæм æрмæгæй — æгъдауæй, мадæлон æвзагæй, райгуырæн зæхмæ уарзондзинадæй...

Мах нæ райгуырæн бæстæ куы уарзæм, Къостайы æвзагыл куы дзурæм, нæ фыдæлты намыс, кад æмæ фарн бæрзонд куы сисæм, ирон æгъдау куы хъахъхъæнæм, уæд никуы фехæлдзæн нæ царды мæсыг, нæ иудзинады мæсыг.

Уæларвæй арвæрдын æрхæссын мæ бон нæу мæнæн. Стъалытæй мæсыг самайын дæр нæу мæ бон мæнæн. Фæлæ æз сыгъдæгзæрдæйæ, æнæхинæй, мæ хъарутыл нæ ауæргæйæ, лæггад кæндзынæн мæ уарзон ирон адæмæн, мæ чысыл Ирыстонæн.

Мæ нывæцæны кæрон æрхæсдзынæн, мæ ахуыргæнæг Челдыты Тамарæ цы поэтикон рæнхъытæ ныффыста, уыдон:

**Æнæ Ирыстон цы у мæнæн мæ цард?!**
**Æнæ Ирыстон батар уаид дуне.**
**Нал хъуысид æхсæрдзæнтæн сæ хъазт,**
**Бамыр уаид хъал дæттæн сæ хъæлæс.**

**Мæ райгуырæн бæстæ, мæ чысыл Ирыстон,**
**Ныййарæгау узæлыс абон мæныл.**
**Дæ кад æмæ фарнæй, дæ уарзт æмæ хъармæй**
**Рæвдауыс дæ хъæбулты абон уа — сом.**

**Куы бахъæуа искуы, мæ уарзон Ирыстон,**
**Дæ сæрвæлтау раттын цæттæ дæн мæ цард.**
**Æцæг мын, Ирыстон, тæмæн кал æнустæм.**
**Дæ цардмондаг кæстæр та райгонд куыд уа.**

**Аланты 'взаг рохгонд куыд никуы æрцæуа.**
**Нæ хистæрæй кæстæр нæртондæр куыд уа.**
**Ирон æгъдау, намыс сæфт макуы æрцæуа.**
**Нæ сомбон та абонæй рухсдæр куыд уа!**



# кæстæрты бæрæгбон



Йæ мыггаджы равзæрды тыххæй бæлвырд радзырдта Алагиры 5-æм скъолайы ахуырдзау Хъантеты Азæмæт дæр. "Æз сæрыстыр дæн Хъантетæй, — загъта уый. — Хъуамæ фæзмон нæ кадджындæр хистæрты, иудадзыгдæр архайон, цæмæй Ирыстоны ном макуы фæчъизи кæнон".

Йæ мыггаджы тыххæй ахæм зæрдæмæхъаргæ ныхæстæ загъта Сырх Дыгуры астæуккаг скъолайы ахуырдзау Гобеты Давид дæр. Уый фæстæ сценæмæ рахастой æртæ чъирийы, æртæ фæрсчы, бæгæныйы кæхц æмæ сæ Давид æгъдаумæ гæсгæ скуывта...

Афтæ, лæппутæй алчидæр йæ радмæ гæсгæ ракодта йæ мыггаджы равзæрд æмæ хуыздæр минæвæртты царды хабæрттæ.

**Дарддæр конкурсы архайджытæ дзырдтой, нæ фыдæлтæ ирон бæрæгбæттæ Джеоргуыба, Кæрдæгхæссæн, Уацилла, Майрæмтæ æмæ æндæртæ куыд кодтой, уыдæтты тыххæй. Нæ сæ ферох чындзхасты æмæ уыимæ баст ирон æгъдæуттæ, сиахсы цыд æмæ æндæрты фæдыл дæр радзурын.**

Дарддæр конкурсы архайджытæ дзырдтой, нæ фыдæлтæ ирон бæрæгбæттæ Джеоргуыба, Кæрдæгхæссæн, Уацилла, Майрæмтæ æмæ æндæртæ куыд кодтой, уыдæтты тыххæй. Нæ сæ ферох чындзхасты æмæ уыимæ баст ирон æгъдæуттæ, сиахсы цыд æмæ æндæрты фæдыл дæр радзурын. Хицæн кусæнгæрзты тыххæй та сæм рауад бинонтыг ныхас.

Сценæмæ кæсджыты зæрдæтæ се сфæлдыстадæй барухс кодтой республикæйы иумæйагахуырадон скъолаты хихъæппæрисадон къордтæ ("Чызджыты кафт" **Гусалты Альбинæйы** разамындæй зæрдæмæдзæугæ акодтой Алагиры 3-æм скъолайы ахуырдзаутæ, "Чепена"— Дзæуджыхъæуы 42-æм скъолайы лæппутæ æмæ чызджытæ **Хъыргъаты Идæйы** разамындæй), нæ республикæйы культурæйы сгуыхт кусæг **Гæбуты Светланæ**, РЦИ-Аланийы сгуыхт артисттæ **Илурты Риммæ** æмæ **Тайсауты Олег** æмæ Кæрдзыны скъолайы рауагъдон **Хотаты Зæлинæ**.

Æркасты бæрæггæнæнтæ бахыгътой жюрийы уæнгтæ: Хæххон паддзахадон аграрон университеты ахуыргæнæг **Таматы Таймураз**, "Иудзинад"-ы советы уæнг **Цгъойты Тамерлан**, Цæгат Ирыстоны радиойы звукорежиссер **Газайты Зоя**, республикæйы Сылгоймæгты советы сæрдары хæдивæг **Такъæты Оля**, ЦИПУ-йы ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы сæргълæууæг **Куыдзойты Анжелæ** æмæ кафедрæйы доцент **Безаты Фаризæт**.

Змæлд "Иудзинад"-ы советы уæнг, æркаст-конкурс "Ирон дæн æз"-ы разамонæг **Токты Валодя** куыд фехъусын кодта, афтæмæй æртыккаг бынат бацахста Сырх Дыгуры астæуккаг скъолайы ахуырдзау **Гобеты Давид**. Гобейы-фыртæн премийы хуызы лæвæрд æрцыд 7 мин сомы. Уыйбæрц æхцайы лæвар райста йæ ахуыргæнæг **Габеты Зæлинæ** дæр. Дыккаг бынатмæ рацыд Æрыдоны 1-æм скъолайы ахуырдзау **Гæбуты Алан**. Уый æмæ йæ ахуыргæнæг **Лохты Ритæйы** æхцайы лæвар та уыдис фæйнæ 10 мин сомы. Жюри фыццаг бынат саккаг кодта Алагиры 5-æм скъолайы ахуырдзау **Хъантеты Азæмæтæн**. Хъантейы-фырт æмæ йæ ахуыргæнæг **Челдыты Тамарæйæн** премийы хуызы лæвæрд æрцыд фæйнæ 15 мин сомы. Национ преми "Нарты фæткъуы"-йы лауреат **Илаты Тимур** та йæхи конд хъисын фæндыр балæвар кодта конкурс-æркасты архайæг Биджелты Алиханæн.



Кæронбæттæны Токты Валодя куыд фæнысан кодта, афтæмæй ахæм æркаст-конкурстæ дæрддæр дæр арæзт цæудзысты скъоладзау фæсивæды 'хсæн, кæй бафæнда, уыдонæй сæ алкæмæндæр фадат фæуыдзæн йæ арæхстдзинад равдисынæн.

Куыд уынæм, афтæмæй "Иудзинад"-ы хъæппæрисæй Ирыстоны сыræзт, ныр традицион чи сси, ахæм арфæйаг хъуыддаг — æркаст-конкурс "Ирон дæн æз". Æмæ йыл æхсæнадон змæлды уæнгтæ нырæй фæстæмæ дæр афтæ бæстон æмæ зæрдиагæй кæй кусдзысты, уымæй нæ ныфс ис.

ТОХСЫРТЫ Къоста

Адæмы сæрхъуызойтæ

# Гуырцъыты Пипо æмæ Ирыхъæуы Хуыцауы дзуары кувæндон

**Адæймаг йе 'мдугонтæн хорздзинад куы ракæны, уæд йæ ном нæ рох кæны, чи йæ зыдта, канд уыдонæй нæ. Йæ арфæйаг хъуыддæгтæ фæхæццæ вæййынц фæстæдæры фæлтæртæм дæр. Ахæм уарзон Ирыхъæуы цæрджытæн фæцис адæмон хъæбатыр Гуырцъыты Пипо дæр.**

**Кæд райгуырд, уый бæрæг нæу, амард 1892 азы, цæргæ та кодта Дзæуджыхъæуы ныры Хъойбайы-фырты уынджы. Йæ ном баст у, адæмы сæраппонд цы хъæбатырдзинад равдыста, уыимæ, æмæ Ирыхъæуы кувæндон — Пипойы дзуар кæнæ Æртæ дзуары (Хуыцауы дзуар, Уастырджийы дзуар æмæ Ног дзуар) фæзындимæ.**



Уый уыдис 1892 азы. Уæд æвирхъау хæцгæ низ — халер сыстад Ирыхъæуы цæрджытыл. Адæм-иу æнæхъæн бинонтæй фæрынчын сты æмæ æмхуызонæй мардыс-ты. Уæды статистикæйы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, æдæппæт фæрынчын 4852 адæймаджы, æмæ дзы 1405 сæ адзал ссардтой.

Ахæм тыхст заман Ирыхъæуы кадджындæр лæгтæй иу — Гуырцъыты Пипо йæхицæн стыр хæсыл банымадта, рынчынтæ æмæ се 'ввахсдæр хæстæджытæ кæмæн амардысты, уыцы адæмæн æххуыс кæнын, фæкæсинаг адæмæн арæхст æдзухдæр ныфс бавæрынмæ. Уый хæдзарихæдзар зылди хъæуыл, йæ цæст дардта тыхст рынчынтæм, сабыр сæ кодта, хионтæ æмæ къабæзтимæ Хуыцаумæ куывта, цæмæй сæ æгъатыр рынæй фервæзын кæна.

Цæвиттон, иухатт æм Уастырджи рацыд йæ фыны æмæ загъта: "Адæм аирвæздзысты, кæд сын дæ сæр нывондæн æрхæссын æмæ сæ сæраппонд амæлын дæ бон бауа, уæд. Райсом ацу хизæнуатмæ æмæ рæгъауы фендзынæ урс гал. Уый рæгъауæй куы фæхицæн уа, уæд дæу хъæуздзæн йæ фæстæ цæуын. Кæм æрхуысса, уыцы бынаты хъуамæ арæзт æрцæуа Хуыцауы дзуары кувæндон. Ацы галы та йæ номыл нывонд скæн æмæ адæмимæ скув Стыр Хуыцаумæ, цæмæй уæ бахъахъхъæна рынæй. Уымæй уæлдай, дæ кувæндоны бынаты хъæуздзæн тæрсы тала ныссадзын. Ацы бæлас æппæты мыггагхæссагдæр у, æмæ адæм дæр фылдæрæй-фылдæр кæндзысты... Фæлæ ды та иннæ райсоммæ дæр нал фæцæрдзынæ".

Пипо райсомæй куы райхъал, уæд æппæтдæр бакодта, Уастырджи йын куыд бафæдзæхста, афтæ. Хизæнуатмæ куы бахæццæ, уæд рæгъауæй, æцæгдæр, рацыд урс гал. Пипо цæуын райдыдта йæ фæстæ. Гал æй рахуыдта, ныртæккæ кувæндон кæм ис, уыцы бынатмæ, æмæ æрхуыссыд. Пипо дæр æй снывонд кодта Хуыцауы дзуарæн.

Фæстæдæр Ирыхъæуы цæрджытæ куывд скодтой ацы дзуары номыл, кувгæ та кодтой, къусбарæй æмбырдгонд хъæбæрхорæй нæлгоймæгтæ цы бæгæны сфыхтой, уымæй. Алчидæр Стыр Хуыцауæй куырдта æнæниздзинад, куывтой, цæмæй, адæмы чи цагъта, уыцы рын ныссабыр уа.

Æцæгдæр, дыккаг бон халер æрбайсæфт. Уыцы бонæй фæстæмæ Ирыхъæуы ничиуал амард, стæй низ дæр никæуылуал бахæцыд. Адæм фервæзтысты мæлæтхæссæг рынæй. Фæлæ Пипо йæхæдæг та амард куывды бон изæрæй. Иуныхасæй, Гуырцъыйы-фырт йæ цард нывондæн æрхаста, цæмæй йе 'мзæххонтæ рынæй фервæзтаиккой.

Фæстæдæр Ирыхъæуы цæрджытæ кувæндон сарæзтой ацы бынаты æмæ абоны онг дæр кувынц Хуыцауы дзуармæ. Адæм æй хонынц Пипойы дзуар кæнæ та — Ирыхъæуы дзуар, арæхдæр та йæ комкоммæ нысаниуæг — Хуыцауы дзуарæй. Уый ис Ирыхъæуы хуссар-ныгуылæйнаг кæронæй дыууæ километры уæлдæр цæугæдон Терчы рахизфарс.

Историон бæрæггæнæнтæм куы 'ркæсæм, уæд Дзæуджыхъæуы фидары архивы дæр дзуары бынат хуындæуы Ирон кувæн æрдуз. Ардæм æввахс бынæттон агуыридургæнæн заводы æлыгкъахæн карьеры ссардæуыд сæрмæтаг цæрæн бынаты фæдтæ. Йæ географион æвæрд æмæ дзы цы æлыгæй конд дзаумæттæ разынд, уыдон дзурæг сты, ацы æрдуз кæддæр кæй уыдис, ариаг дины æгъдæуттæ кæм кодтой, ахæм бынат, æмæ дзы пайда чындæуыд суанг алайнаг дуджы дæр. Зындгонд куыд у, афтæмæй ариæгтæ сæ кувæндæттæ арæзтой, хъаруджын геомагнитон рухскæлдытæ кæцæй цыд, ахæм бынæтты. Ам æнæхъыгдардæй цы дурын разынд, уый абон дæр æфснайд у Ирыхъæуы Ныхасы уæнг Хоранты Валодяйы хæдзары.



Нырыккон кувæндон кæм ис, уыцы бынаты раздæр азты иртасæн куыстытæ фæкодта физикон-математикон наукæты кандидат, биолокацийы специалист Олег Хасянов. Куыд сбæрæг, афтæмæй домбай геомагнитон рухскалд разынд, ныртæккæ кувæндоны бæстыхæйттæ кæм сты, уыцы бынаты. Ардæм рагон замантæй фæстæмæ адæм цыдысты Хуыцаумæ кувынмæ, сæхи йыл бафæдзæхсынмæ. Нæлгоймæгтæ та-иу, дард æмæ тæссаг балцы цæугæйæ, æдзухдæр мысайнаг сæвæрдтой кувæндоны. Уæдæ къухылхæцджытæ дæр ардæм хуыдтой, нырма йæ ног хæдзары къæсæрæй чи нæма бахызт, уыцы чындзыты. Ардæм ныртæккæ кувынмæ фæцæуынц, дæргъвæтин рæстæг хъæбулы ад чи нæма базыдта, ахæм моймæдзыд сылгоймæгтæ дæр.

Æдзухдæр-иу дзуары бон ам ерыстæ цыдысты спорты адæмон хуызтæй: хъæбысхæстæй, дур æппарынæй, бæхтыл дугъ æмæ афтæ дарддæр. Иу ныхасæй, ахæм ерысты фæстæ-иу кувæндоны бацамыдтой арæхстджындæр æмæ курдиатджындæр æрыгон лæппуты нæмттæ. Æмæ, ай-гъай, адæм-иу алы хатт дæр сæ цæст æрæвæрдтой таурæгъгæнджыты арæхстдзинадыл, ныхъхъуыстой-иу хъисын фæндыры æрдхæрæны зæлтæ æмæ Нарты хъæбатырты лæгдзинады хабæрттæм.

Ныр дæр æрвылаз дзуары бон уым бæрæггонд цæуы августы фæстаг хуыцаубоны. Æртæ æртæдзыхон æмæ бæгæныйы кæхцæй скувыны фæстæ бынæттон цæрджытæ æмæ сæ кадджын уазджытæ æрбадынц дзаджджын фынгтыл... Фæстæдæр хъазт стынг вæййы, спортсментæ та февзарынц сæ хъару æмæ сæ арæхстдзинад.

Уавæр афтæ уыд, æмæ ивгъуыд æнусы 90-æм азтæм кувæндон æдзæллагмæ 'рцыд, æмæ уæд Ирыхъæуы цæрджытæ сæхи фæрæзтæ æмæ хъарутæй фæногдæр кодтой Хуыцауы дзуары кувæндон. Сарæзтой агуыридурæй амад ног бæстыхай, базылдысты æрдузмæ, кувæндоны алфамблай ныссагътой бæлæстæ æмæ дидинджытæ. Уæдæй фæстæмæ уыцы бынат хонынц Æртæ дзуары кувæндон — Хуыцауы дзуар, Уастырджийы дзуар æмæ Ног дзуар (уыцы æртæ кувæндоны кæддæр кæрæдзийæ чысыл дæрддзæгæй рæнхъæй лæууыдысты, ногдæргонд кувæндон ныртæккæ кæм ис, уыцы бынатмæ 'ввахс).

Ирыхъæуы цæрджытæ нæ ферох кодтой, сæ кувæндоны фæзынд кæимæ баст у, уыцы адæймаджы ном дæр. Ивгъуыд æнусы 90-æм азты кæрон æхсæнадон змæлд "Иры Стыр Ныхас" Дзæуджыхъæуы разамынды размæ фарста сæвæрдта Пипойы ном сæнусон кæныны тыххæй. Уыцы æууæл хынцгæйæ, 2000 азы Дзæуджыхъæуы администрацицы уынаффæ рахаста, уымæй горæты уынгтæй иу — "Сквозная"-йæн радтой Гуырцъыты Пипойы ном...

ТОХСЫРТЫ Къоста

**РЕДАКТОРÆЙ:**

**Æхсæнадон змæлд "Иудзинад" йæ архайды сæйрагдæр нысантыл нымайы Ирыстоны историон-культурон хæзнатæ хъахъхъæнын, рæзгæ фæлтæры мадæлон æвзаг æмæ фыдæлтыккон æгъдæуттыл æфтауын, ирон адæмы зынгæдæр æмæ кадджындæр минæвæртты дæнцæгыл фæсивæды 'хсæн уæрæх патриотон хъомылад кæнын.**

**Уыцы æууæлтæ зæрдыл даргæйæ, æмæ, Гуырцъыты Пипо йе 'мтуг адæмæн цы удуæлдай лæггад бакодта, уый хынцгæйæ, "Иудзинад"-ы совет фæндон бахаста, цæмæй Гуырцъыйы-фыртæн Дзæуджыхъæуы æвæрд æрцæуа цыртдзæвæн. Уый фæдыл сæрмагонд фыстæг арвыстæуыд Дзæуджыхъæуы муниципалон арæзты сæргълæууæг Хæдарцаты Махарбеджы номыл.**

**Æмæ æрæджы "Иудзинад"-ы хъæппæрисмæ æркастысты горæты администрацийы топонимикон къамисы уæнгтæ. Уыдон ахæм фæндон хорзыл банымадтой æмæ "Иудзинад"-ы советы бæрны бакодтой цыртдзæвæн саразыны фæдыл сфæлдыстадон конкурс расидыны хъуыддаг. Ныридæгæн уыцы организацион куыст йæ тæмæны бацыд. "Иудзинад"-ы уæнгтæ ацы фарстайы фæдыл цы сæрмагонд æмбырд сарæзтой, уырдæм æрбахуыдтой нывгæнджытæ æмæ скульпторты, бæстон сын радзырдтой, конкурс цавæр уагæвæрдмæ гæсгæ цæудзæн, уый тыххæй. Уæд бæрæггонд æрцыд сфæлдыстадон ерысы æмгъуыд дæр. Афтæмæй, конкурсы архайынвæнд чи скодта, уыцы автортæ фидæны цыртдзæвæны проекттæ хъуамæ бавдисой майы кæронмæ. Уæд сæрмагонд къамис ("Иудзинад"-ы уæнгтæ, Гуырцъыты мыггаг æмæ æхсæнады минæвæрттæ) равзардзысты хуыздæр скульптурон композици — уый бындурыл арæзт æрцæудзæн Гуырцъыты Пипойы сурæт.**

Фæлтæрæй — фæлтæрмæ

# Сæ сæйрагдæр нысан — фыдæлты хæзнатæ бахъахъхъæнын

**Æхсызгон та куыд нæ у, фæсивæд ирондзинадмæ фылдæр æргом кæй аздæхтой, уый. Акæсут-ма, сæхи куыд аивæй æвдисынц, сæ уд куыд хъарынц ирон æвзагыл дзурынмæ, нæ фыдæлты рагон уадынгæрзтыл цæгъдынмæ æмæ сæхи къухæй аразынмæ, сæ уидæгтæ базонынмæ, цыллæ кæлмæрзæнтæ бийынмæ, кафынмæ, зарынмæ... Фæсивæды уыцы фæндагмæ чи здахы, алцы базонынæн æмæ нæ фыдæлты табуйæгтæ абоны царды рауадзынмæ сын уавæртæ чи аразы, уыцы хистæртæ та сты арфæйаг хæрзгæнджытæ.**

РЦИ-Аланийы æхсæнадон змæлд "Иудзинад"-ы архайдмæ йæ цæст чи дары, уыдон та æрæджы æвдисæн уыдысты радон хорз хъуыддагæн. Æхсæнады уæнгты бафæндыд, цæмæй сын Дзæуджыхъæуы, Марковы уынджы "Амран"-ы бæстыхайы цы сфæлдыстадон къордтæ ис, уыдоны архайджытæ кæрæдзи хæстæгдæр базоной. Уый фæдыл саразтой зæрдæмæдзæугæ сфæлдыстадон изæр.

Æхсæнадон змæлды хъæппæрисæй "Амран"-ы ис: зæлдаг хæрдгæбыдгæнджыты къорд (йæ разамонæг — **Цоколаты Катеринæ**), далафæндырыл цæгъдджыты къорд (йæ разамонæг — **Дзидаханты Къоста**), рагон ирон уадынгæрзтæ аразджыты къорд (йæ разамонæг — **Илаты Тимур**), ирон кафджыты къорд (йæ разамонæг — **Тотойты Валери**) æмæ куклатæ аразджыты къорд (йæ разамонæг — **Таутиаты Азæ**). Къордты архайджыты ранымад дæсныйæдтыл ахуыр кæнынц лæвар. Республикæйы цæрджытæй алкæй бон дæр у æрбацæуын æмæ, йæ зæрдæ кæцы къордмæ зæгъы, уырдæм йæхи ныффыссын — бæстыхайы дуæрттæ алкæмæн дæр сты гом.






Сфæлдыстадон изæры архайдтой æхсæнадон змæлды традицион конкурс-æркаст "Ирон дæн æз"-ы алы азты уæлахиздзаутæ сæ ахуыргæнджытимæ, "Иудзинад"-ы хæлæрттæ æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты минæвæрттæ.

Къордты архайджытæ уазджытæн равдыстой сæ арæхстдзинад, ацы бæстыхайы сæ цæуыл сахуыр кодтой, уый. Цымыдисаг рауадысты хиконд куклаты равдыст æмæ, чызджыты уæхсчытыл цы аив цыллæ кæлмæрзæнтæ уыд, сæхи къухтæй кæй сбыдтой, уыдон. Зæрдæ сæ уыиндæй рад æмæ дзаг кодта арф æнкъарæнтæй.

Ацы хорздзинадæн бындур æрæвæрдта "Иудзинад"-ы советы уæнг **Мæрзойты Тамерлан**. Хъуыдаг та сырæзт, йæ алыварс цы хъæппæрисджын иузæрдион хæлæрттæ æрбалæууыдысты, уыдоны фарнæй. Бæрæгбоны кадджын уазджытæ — РЦИ-Аланийы адæмон артист, Цæгат Ирыстоны радио æмæ телеуынынады фыццаг диктор **Мамсыраты Тасолтан** æмæ поэт, журналист, РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг **Къадзаты Станислав** арфæтæ ракодтой фæсивæдæн, æмæ сæ фарны фæндагмæ чи аразы, уыцы хистæртæн.

*— Дарддæр дæр нæ зæрды ис ацы хъуыддæгтыл дывæр хъарутæй кусын,* — загъта Мæрзойты Тамерлан. *— Нæ размæ цы хæстæ сæвæрдтам, уыдон сæххæст кæнынæн нæ, фыццаджыдæр, хъæуы зæрдæйы фæндон, уымæй та змæлды уæнгтæй цух ничи у. Алкæй бæллиц дæр сæ у Ирыстоны рухс фидæн, нæ фыдæлты хæзнатæ бахъахъхъæнын, нæ кæстæрты рæсугъд, æнæрæдыд æмæ раст фæндæгтæм здахын, амындздзинæдтæ сын дæттын. Уый фæдыл кæстæртимæ арæх "Амран"-ы вæййы тематикон изæртæ, æндæр цымыдисаг фембæлдтытæ.*

Ацы фарны бынат уарзон у фæсивæдæн. Бинонтау æрбамбырд вæййынц, æнгом та сæ кæны "Иудзинад"!

**ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ**

Газеткæсæджы хъуыдытæ

# Нæ тарф фынæйæ райхъал афон нæу?

**Ивгъуыд аз октябры мæйы хуынд уыдтæн, æхсæнадон змæлд "Иры Стыр Ныхас" цы съезд саразта, уырдæм. Дыууæ боны фæхъуыстон Ирон адæмы фарæстæм съезды делегатты хъуыдытæ æмæ фæндæттæм. Уыдоны раныхæстæ, стæй Ирыстонмæ радон балц мæм равзæрын кодтой кæм æхсызгон, кæм æрхæндæг æнкъарæнтæ.**

Съезды зæрдæмæдзæугæ хъуыдытæ загътой Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг **Битарты Вячеслав**, Хуссар Ирыстоны Президент **Бибылты Анатоли**, "Иры Стыр Ныхас"-ы координацион советы сæрдар **Кучиты Руслан**, æхсæнадон змæлд "Иудзинад"-ы советы уæнг **Мæрзойты Тамерлан**, Турчы цæрæг ирон лæг **Хъуысаты Садретдин**, Мæздæджы минæвар **Базиты Ларисæ** æмæ иннæтæ.

Фæлæ æмбырды архайджытæй бирæтæн сæ раныхæсты зæрдæмæдзæугæ мидис нæ уыд. Уыимæ ма, Уæрæсейы иннæ регионтæ æмæ фæсарæнты цæрæг ирæттæй бирæтæ систы "уæрæседзаутæ" — сæ хъуыдытæ мадæлон æвзагыл зæгъынмæ нал арæхсынц. Ирон æвзагыл кæй нал дзурынц, уымæн алы æфсæнттæ æрхæссынц, ома, Ирыстонæй дард ран цæргæйæ, кæимæ дзурон мæ мадæлон æвзагыл? Уый у стыр худинаг! Уæд ма Турчы цæрæг ирон лæг та цы зæгъа? Мæнмæ гæсгæ, ахæм ныхæстæй æрмæстдæр сæхи рæстытæ кæнынц.

Хицæй дæнцæг хæссын, æвæццæгæн, бынтон аив нæу, фæлæ мæхæдæг, 56 азы Ирыстонæй дард рæтты фæцæргæйæ, мæ мадæлон æвзаг æмæ ирон æгъдæуттæ зонынмæ никæмæ хæлæг кæнын. Ирон æгъдау, фыдæлтыккон æгъдæуттæ зæрдæйæ куы уарзай, уæд сæ базонынæн тынг бирæ фæрæзтæ ис.

Кæй зæгъын æй хъæуы, Ирыстонмæ ссæугæйæ, мæн фæндыд рæсугъд арфæтæ дæр ракæнын. Фæлæ... Акæсут-ма нæ сыхаг адæмтæй иуæй-иутæм. Æцæг истори ницæмæ даргæйæ, сæхи алантæ рахуыдтой. Нарты кадджытæ, нæ адæмон кæфтытæ æмæ фæндырдзагъд æнæфсармæй "давынц". Æмæ сын "макæ" зæгъæг нæй. Ахæм уавæр æгад кæны алы ирон адæймаджы дæр. Зæгъæм, Иудзинады мæсыг æмæ къонайы арæзтадыл дæр рагæй дзурæм. Фæлæ цалынмæ мах ацы фарста нодждæр ма цалдæр азы "æууилæм", уæдмæ та йæ нæ сыхæгтæй æндæр исчи саразздзæн.

Уæдæ иннæ ахæм нæ телеуынынад æмæ радиойы бакаститæн сæ фылдæр. Ирон равдыстмæ бакæсгæйæ, адæймаг нал фæзоны, худгæ кæна æви кæугæ — иу хъуыдыйадæн йе 'рдæг арæх арæзт вæййы æцæгæлон æвзæгтæй æрбайсгæ ныхæстæй. Æмæ ма нæ мадæлон æвзаджы дæ хъуыдытæ равдисынæн фаг дзырдтæ куы нæ уаид! Ис, фæлæ уыдон бацагурыныл сæхи нæ батыхсын кæнынц — афтæ æнцондæр нæу?

Сагъæсы мæ æфтауы нæ ирон сылгоймæгты дарæсы конд дæр. Сæ кар ницæмæ даргæйæ, бирæтæн сæ къабаты дæргъ уæрджытæй бæлвырд фæуæлдæр, се уæхсчытæ дæр гомæй хæссынц. Нæлгоймæгты æмрæнхъ рабадынц, æмæ сæ бирæтæн карз нозтæй бафсис нал вæййы. Хæрз æрæджы дæр та ма ирон сылгоймаг фæзминаг дæнцæг уыд æндæр адæмыхæттытæн.

Æнию, æмткæй райсгæйæ, бæрæгбоны æмæ зианы æгъдауы фæтк куыд сæфы, уый дæр уынæм. Фындзы бадты хистæрмæ нал фæхъусæм, тамако дымæм, æвзæр дзыхыуагæй дзурæм, уæлдай сидтытæ кæнæм, кæй кæд бафæнды, уæд фынгæй фесты... Кæстæриуæг кæнын та нæ бынтондæр ферох.

Иу ныхасæй, тыхстаг хъуыддæгтæ — бирæ. Æмæ та ногæй фæрсын: цæй алантæ, цæй ирæттæ ма стæм мах, нæ фыдæлты фарн æмæ намыс бахъахъхъæнын нæ бон кæд нал у, уæд?

**Цæмæ æмæ кæмæ æнхъæлмæ кæсæм?**
**Нæ тарф фынæйæ райхъал афон нæу?**
**Кæд нæ байрæджы ис, уæд.**
**Тæригъæддагæй ма фесæф, Ирыстон!**

Мæ уарзон Ир, мæ уарзон ирон адæм, ма ауигъæм нæ фидæныл нæ къух!

**БÆЦОЙТЫ Савели,**
**Стъараполы цæрæг**

Рецепты осетинской кухни

# ОСЕТИНСКОЕ ПИВО

## (Ирон бæгæны)

**На 10 литров воды:**
**солод — 5 кг,**
**хмель — 50 г,**
**цырв (пивные дрожжи) — 100 г,**
**сахар — 100 г.**



В подогретую до 30 градусов воду всыпать солодовую муку, помешивая деревянной веселкой, чтобы не осталось комков, довести до кипения, положить в нее просеянную и прожаренную до темно-коричневого цвета солодовую муку, дать покипеть 5-6 минут (не переварить — жидкость, стекающая с веселки, должна быть прозрачной).

К этому времени подготовить чистую плетенную из мелких хворостинок корзину, внутри обложить чисто промытой и прокипяченной пшеничной соломой. Поставить корзину в чистое большое корыто с отверстием и процеживать солодовый отвар так, чтобы жидкость стекала через отверстие в котел. Перенести из котла часть солодовой гущи ковшом в корзину с соломой и тонким слоем разровнять по ней. Затем, перемешивая содержимое котла, постепенно небольшими порциями перенести в корзину всю гущу.

Чисто вымыть котел, где варился солод, и перелить туда процеженный отвар. Поставить на сильный огонь и варить 1-1,5 часа с момента закипания. Положить в котел с отваром пива хмель и продолжать варить еще 1 час или немного больше. Потом снять с огня и остудить до 20-25 градусов тепла. Перелить в посуду, что приготовлена для брожения. Вынуть хмель.

Заранее приготовить закваску (цырв). Для этого пивные дрожжи развести процеженным отваром, положить сахар и дать им хорошо подойти. После этого положить их в охлажденный отвар-пиво и тщательно перемешать. Накрыть тепло и поставить на брожение.

Когда начнется брожение, нужно снять поднявшуюся пену (цырв) и обратно прикрыть. По окончании брожения процедить через волосяное сито и перенести в прохладное место. Пиво готово.

*Примечание. Пиво бывает вкуснее, если солод для него приготовить в такой пропорции: кукуруза — 1 часть, ячмень или пшеница — 1:1,5.*

*(Из книги З.В. Кануковой "Традиционная осетинская пища")*

Нывгæнæджы цæстæй



***— Гуыргъохъойы афæдзы хистмæ æнхъæлмæ кæсынæй мæ цæстытæ ныуурс сты...***

СЛАНТЫ Русланы конд ныв

## Фысджытæ — мады тыххæй

"Мады ныхмæ цæуын худинаг у".
МАМСЫРАТЫ Дæбе

***

**"Мадæн йе стырдæр фæдзæхст йæ хъæбулы амонд у".**
**ХУЫБЕЦТЫ Рая**

***

"Ныййарæг мадæн аргъ нæй".
ДЗАСОХТЫ Музафер

***

**"Ныййарæг мадæн никæимæ ис баивæн".**
**ГУЫЦМÆЗТЫ Михал**

***

"Мады хъæбыс сабийæн хæдзар у".
ЦÆГÆРАТЫ Гиго

***

**"Мады зæрдæ кæсæнæй уæлдай нæу".**
**ДЖИМИТЫ Георги**

***

"Мады зæрдæ хъæбулы зындзинад нæ быхсы".
ХАЦЫРТЫ Сергей

***

**"Мады зæрдæ зонаг у".**
**ХЪАЙТТАТЫ Сергей**

***

"Мады лæггад чи рох кæны, уый йæхи никуы ницæмæй сраст кæндзæн".
ЦОЦИТЫ Резо

***

**"Мады зæрдæ бараг у".**
**АГЪНАТЫ Гæстæн**

Нырыккон таурæгъ

# Æгъдау цæуы фæллойæ

Ацы райсом Сосланæн иннæ райсомты хуызæн нæу. Абон Сослан фыццаг хатт цæуы хуындзау. Ныронг-иу æрмæстдæр уыд цумахъом кæстæр, фылдæр лæууыд уырдыгыстæг хистæртæн, лæггад кодта сыхбæстæн.

Астæуккаг скъола каст фæци æмæ йæ дарддæры ахуыры фæндагыл æрлæууыд — бацыд институтмæ. Уыимæ, æмхъæуккæгтимæ йæ хæлар ахастдзинæдтæ нæ фехæлдысты, иудадзыгдæр уыд сæ фарсмæ. Ацы хатт та сыхæгты чызг йæ амонд ссардта, смой кодта. Æгъдаумæ гæсгæ куыд æмбæлы, афтæ йын хастой хуын æмæ Сосланы дæр уырдæм фæхуыдтой.

Лæппуйы сæры магъзы зилдух кодтой алыхуызон хъуыдытæ: фыццаг хатт æрбаддзæн фынгыл, чи зоны, æмæ йæм радтой нуазæн дæр, кафты бар æм куы 'рхауа, уæд та уыдзæн бынтон диссаг... Афтæмæй, уыцы хъуыдытимæ араст йе 'мбæлццæттимæ.

Тынг зæрдиагæй сыл сæмбæлдысты фысымтæ. Бирæ ногдзинæдтæ федта Сослан, йæ удмæ сæ хæстæг райста. Фæлæ алы хорздзинадæн дæр ис кæрон, фæстæмæ здæхыны афон дæр æрцыд.

Фæлæ иу афон уазджытæй кæцыдæр йе 'мбæлттæн бамбарын кодта: "Нæ фæндырдзæгъдæджы нын бамбæхстой, æмæ йæ балхæнын хъæуы. Æхца амбырд кæнæм æмæ не 'гъдау раттæм". Сослан дæр, йæ мад ын цы фæндаггаг радта, уыдон лæппуйы къухы бакодта. Афтæмæй фæстæмæ рабалц кодтой.

Фæлæ Сослан хъуыдыты ацыд. Йæхи æмбарынхъом куы фæци, уæдæй фæстæмæ йæ фыдæй арæх хъуыста, лæг цæмæй лæг у, уый — йе 'гъдау, йе 'фсармæй. Сабибонтæй фæстæмæ йæ сæры ныффидар: алы хорздзинад дæр баст у æгъдауимæ. Уæд уыцы диссаджы æгъдау раттынæн æхца йеддæмæ ницыуал хъæуы? Ау, уыцы чъизи æхцайы тыххæй адæм кæрæдзи куы марынц, сæ цæсгом куы бахæрынц æмæ дзуæртты мысайнæгтæ куы фæкъахынц, саугуырм бавæййынц, фæлæ уæддæр сæ кæнон нæ ныууадзынц. Уæд уыцы æхца æгъдауимæ куыд баст сты? Уыцы фарстæн дзуапп раттын Сосланы бон не баци.

Ахуырæй Сосланы практикæмæ куы арвыстой, уæд ссыд Садоны æрзæткъахæн комбинатмæ. Фыццаг хатт лæппу ныххызт шахтæмæ. Нæртон адæм "мæрдты бæсты" тох кодтой айнæг къæдзæхимæ: иутæ куыстой уæззау перфоратортæй, иннæтæ архайдтой рæмудзæн æрмæджытимæ, æртыккæгтæ та æрзæт ластой уæлæмæ...

Сменæйы кæронмæ бакуыста Сослан, æххуыс кодта шахтертæн. Боны рухс куы федта, уæд йæхицæн скарста: мæнæн ацы "мæрдты бæсты" мæ къах дæр нал уыдзæн, мæ ахуыр дæр ныууадздзынæн, фæлæ уырдæм нал ныххиздзынæн. Ахæм хъуыдытимæ æрбацыд хæдзармæ.

Сæхимæ баййæфта йæ фыды. Уымæн дæр æнæзонгæ нæ уыд уыцы уæззау куыст — дæс æмæ ссæдз азы бакуыста шахтæйы. Лæппуйы уайтагъд афарста: "Цæй, куыд рауад дæ фыццаг кусгæ бон?" Сосланæн йæ зæрдæ суынгæг, фæлæ йæхи ныффидар кодта æмæ загъта: "Хорз ацыд, дада! Ды уал азы кæм бакуыстай, уым кæд æз дæр бафæразин".

Афтæ, райдыдтой йæ кусгæ бонтæ. Уалынмæ ралæууыд мызд исыны афон дæр.

Сослан райста йæ фыццаг мызд æмæ сæ йæ дзыппы сæвæрын йæ бон нæ уыд. Фæндыди йæ алкæмæндæр зæгъын, ацы æхца алы æгъдауæн дæр кæй бæззынц, уый. Абон Сослан йæ кæддæры фарстæн райста дзуапп — æрмæстдæр фæллойæ бакуыст æхца кæй сты ирон æгъдауы аккаг.

**Фæдисон**

## Æмбисæндтæ

***Æгъдауы къутæр ихыл дæр дидинæг калы.***

***

*Æгъдау — уисой. Уаг — цъылын. Сæ дыууæ дæр хæрамдзинады бырон мæрзынц.*

***

***Царды мæсыг амад у æгъдау, уаг æмæ æфсармы фидар дуртæй. Уыдонæй, зæгъæм, иу фæхъуыди, уæд дæ балгъитæг дæр афтæ — мæсыг ныххæррæтт ласта!***

***

*Æгъдауы фæндаг амондмæ хоны.*

***

***Куыст лæджы рæвдауы, зивæг та йæ маргæ кæны.***

***

*Искæй артæй хъарм нæ уыдзынæ, дæхи къона хъарм куы нæ уа, уæд.*

***

***Тыхæй арæзт уæздандзинад æрдзон нæ вæййы.***

***

*Маст скæнынæй маст бауромын лæгдзинаддæр у.*

***

***Сывæллон ныййарджытæн сæ айдæн у.***

***

*Алы заманæн дæр йæхи æнгæс адæймæгтæ фæзыны.*

***

***Фæнды лæг амар, фæнды мæнгæвдисæн ныллæуу.***

***

*Рæстдзинады мæнгæрдтæ йæ рæстады тыххæй нæ уарзынц.*

ИУДЗИНАД
Учредитель
ООО "Сэвэр"

**Редактор**
**Аслан СЛАНОВ**
**Редакционный совет:**
**Ахсарбек ФАДЗАЕВ, Тамерлан МАРЗОЕВ, Сергей ТАБОЛОВ, Алан ТУАЕВ, Тамерлан ЦГОЕВ**

Тираж 999
Заказ № 349
Время подписания в печать:
по графику — 19.00.
фактически — 18.00.
**Бесплатно**

✓При перепечатке материалов ссылка на "Иудзинад" обязательна.
✓Мнение редакции не всегда совпадает с мнением авторов.
✓Ответсвенность за достоверность материалов несут авторы.

Адрес редакции и издателя:
362040, РСО— Алания, г. Владикавказ, ул. Маркова, 28.
Тел.: 50— 12— 24.
**email:** o.d.iudzinad@gmail.com **сайт:** www.iudzinad.ru

Отпечатано в АО "Осетия— Полиграфсервис"
Адрес типографии: РСО— Алания, г. Владикавказ, пр. Коста, 11.